# 23 **Февралалде хъвараб**

Абила, бакъалде моц1алде хадуб
Абила, ц1вабзазде-щибин абилеб?
Абила, гьарарал рагъда т1аг1анен
Бакъг1адал ясал тун, ракьалъе г1оло

Абила гьороде, ахал, х1оразде
Т1анхиде абила, харде абила
Чияр ракьда рукъун, росал т1аг1арал
Гьайбатал руччаби хут1анин абун

Нус карандеги къан , эбел г1одилей
Руссинч1ел рач1инч1ел васахъ инагьдун
Ц1вабзазде абила, бакъде абила
Ват1ан ц1унулаго рух! кьунин васаз!

## Дагъистан

Мун дир г1азизаб улка
Г1ажаибаб Дагъистан
Дур керчаб муг1рул т1алъи
Т1огьол ц1урал байдаби.

Муг1рузда гъоркь чвахулеб
Чабхил иццул лъим бугеб
Кьурабалъан бец1ц1улел
Ц1ороpал лъел къат1раби

Чармил кьуру г1адинал
Кьварарал нилъер васаз
Маг1улъун биги чвахун
Ц1унараб мун – Дагъистан

Рогьалил ц1ва кунч1иялъ
Кибго нур балеб, Ват1ан
Борч1а мун, макьидаса
Т1егьараб дир – Дагъистан

# Дир  Дагъистан

Дир г1азизаб улка-  мун дир Дагъистан

Т1егьай мун, т1егьай мун  ихдал  т1егь г1адин

Дур  лебалал  васал  гьайбатал ясал

Къвак1е нуж  чаранлъун, къо ккараб мехалъ

Рорхатал  муг1рузда  г1и басандула

Г1урул  карачелаз  бакънал  рачуна

Г1умру жаниб араб,мун дир Дагъистан

Бокьула  мун  дие  коч1олъ ах1изе.

Дир  гьайбатаб  улка -мун  дир  Дагъистан

Ц1илъун бач1ун буго, бечелъун буго

Гьениб  рохалил  бакъ  къалъ-къалъун  буго

Талих1алъул   иццал  чвахулел  руго

Бокьула нижее,  кир  ругониги

Дур г1урччинал ахал, т1орщалил  хурзал

Рогьалил х1анч1аца рачунел бакънал

Бокьула г1агараб, Дагъистан дие!

## Рагъдаса т1ад руссинч1ел нилъер маг1арулазде

Ват1аналъе г1оло рух1 кьурал васал
Ц1об гьеч1еб рагъуца гъурана гури
Г1агараб ракь ц1унун къуркьич1ел васал
Кьейги нужей талих1 таги нуж рохун

Аваразул т1алъи т1адмаг1аруллъи
Кинабго ц1унана тушбабаздаса
Рагъул кьог1лъи бихьун нахъе къач1ого
Къвек1ал ц1умалг1адин церехун ана

Т1улил яцал,улбул угьдилаги тун
Ана нуж росу тун Ват1ан ц1унизе
Нух бит1айги ц1умал ц1огьохъе щварал
Тушман щущазавун рокъор русине

Рорхатал муг1рузул ц1умал руго нуж
Ккараб къо борхулел зах1мат къулч1улел
Кьурабазул васал, рорхун хьваде нуж,
Ислам ц1унун кьваре адаб рехуге.

# ЭБЕЛАЛДЕ

ДИЕ БИЩУН ЙОКЬОЛЕЙ ХИРИЯЙ ЭБЕЛ

ДУЕ НАЛЪУЛАЙЛЪУН ЙИГО Г1УМРУЯЛЪ

ДУЦА Г1ЕЗАЮНА КАРАНДЕГИ КЪАН

КЪВАРИЛЪИ ЗАХ1МАЛЪИ ЛЪАЗЕ ТЕЧ1ОГО

К1УДИЯЙ Г1УНААН Г1УМРУ ЛЪАНААН

Г1ЕМЕР КЪВАРИГ1АНА ДУР Т1АЛАБ АГЪАЗ

КЗАМАН АНАНИГИ КЪО БИХЬАНИГИ

Г1АКЪИЛАБ МАЛЪА-ХЪВАЙ ДУР Г1ОЛЕБ ГЬЕЧ1О

ДУР Х1ЕРЕНАБ КАЛАМ ГЬУИНАБ РАГ1И

Г1ОДОЙ ЙИЧЧАН К1АЪАЙ ,ИМАН,САБУРЛЪИ

Т1АДЕГ1АНАС АЛЖАН ДУЙ НАСИБЛЪАЙГИ

МИСАЛЛЪУН ЙИК1ИНЕ Ч1АГО ХУТ1АЙГИ

ЭБЕЛ ДУЦА КЬУНА НИЖЕЙ Ц1ОДОРЛЪИ

ЭБЕЛ ДУЦА КЬУНА НИЖЕЙ Г1АКЪИЛЛЪИ

КИНАБГО РЕКЪАРАЙ БАКЪУЛ НУР Г1АДАЙ

ЗОДОБ Ц1ВА ЛЪУН ККВЕЛА МУН Г1АЛАМАЛЪГО

ГЬАЛ Г1УМРУДУЛ НУХАЛ ДУЙ ХАЛАЛЪАЙГИ

ГВАНГЪИ Т1АГ1УНАРЕБ РОЦ1Ц1АРАБ Г1УМРУ

НИЖ АНЛЪГО ЛЪИМАДУЛ ТАЛИХ1 КЪАЛЪУЛЕБ

ЧИРАХЪГИ МУН ЭБЕЛ МУН КАМУГЕЙГИ !